ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№80 (21.988) ● 2011 гъэм накъыгъэм (майм) и 6, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дзасэжь Хь. У. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэным и Іэухкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Іэухкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ипкъ иткІэ, **унафэ щІ:**

1. Дзасэжь Хь. У.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусылымэнхэм я Іэухущіапіэм и тхьэмадэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэн.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№60-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэ Іэухущіапіэхэм зегъэужьынымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м къыдигъэкІа Указ №11-УП-мкІэ къыщІэкІ, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэ Іэухущіапіэхэм зегъэужьынымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэ Іэухущіапіэхэм зегъэужьынымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм теухуауэ» 2006 гъэм мазаем и 3-м къыдигъэкІа Указ №11-УП-мкІэ къыщІэкІ мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн Дзасэжь Хь. У.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусылымэнхэм я Іэухущіапіэм и тхьэмадэр *(эзгурыІуауэ);*

б) Къэздэхъу А. Б. и къулыкъым зэреджэ мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экъуМэш хозяйствэмкІэ и министрыр»;

в) Комиссэм къыхэгъэкІыным Пщыхьэщхь І. М.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№61-УП

● КъБР-м и Парламентым

Іуэхущіапіэхэр зэрылажьэм хоплъэж

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар республикэм и хабзэгъэуа орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІущІэр мэлыжьыхьым и 28-м иригъэкІуэкІащ. Абы Іуэхугъуэ 30-м щІигъу къыщыхалъхьащ.

АХЭР зэпкрыхьыным щІадзэн и пэ кьихуэу, Чеченов Ануар Парламентым и дипломыр яритащ «Си хабзэубзыху жэрдэм» ехапэ урысейпсо щІалэгъуалэ зэпеуэм и республикэ зэхьэзэхуэм щытекІуахэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ.

- Нобэрей ди зэІущІэр республикэлІащ парламентаризмыр илъэси 105-рэ зэрырикъуар щыдгъэлъапІэ зэманым. Урысейм и дэнэ щыпІи хуэдэу, республикэм и класс нэхъыжьхьэм урок зэІуахэмрэ дерс сыхьэтхэмрэ щрагъэкІуэкІ. Абыхэм хэтщ Къэрал Думэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым, щІыпІэ самоуправленэм я депутатхэр, - жиІащ **Чеченов Ануар.** - Парламентаризмым теухуа дэжьыгъэ купщІафІэхэр ягъэхьэзыращ Урысейм и МВД-м и Краснодар университетым и Налшык къудамэм, КъБКъУ-м, КъБКъМА-м я студентхэм, егъэджакІуэ щІалэхэм, КъБР-м и Парламентым деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм щыщхэм, Налшык, Прохладнэ къалэхэм, Тэрч, Баксэн, Майр, Прохладнэ, Лэскэн куейхэм я школакІуэхэм. А проектхэм щагъэбелджылащ егъэджэныгъэм, узынщагъэр хъумэным, социальэ, щІалэгъуалэ политикэм, налогхэм, ухуэныгъэм пыщІа Іуэхуэхэр зэрызэфІах, коррупцэм, наркоманием зэрапэщІэт, шынагъэщІагъэр къызэрызэрагъэпэщ хабзэхэр. Ди фІыщ мэхъу зэнеуэм и дзэхэмрэ дзэрэкІи и зэфІэкІым зэрыхэхъуэнур, нобэрей гъащІэм лъэ быдзэкІэ зэрыхыхьэнур.

Чеченов Ануар щІэныгъэ унафэщІхэм фІыщІэ яхуищащ щІалэгъуалэм зэрадэІэпыкъуэн, правовой, демократие щэнхабзэр убзыхуэн жьыдэжь зэрыхэтым папщІэ.

ИужькІэ, Парламентым и лэжьыгъэр зэкІэлъыгъэкІуэныкІэ, регламентымрэ депутат щэнхабзэмкІэ и комитетым къыхилъхьэри, «КъБР-м и Парламентым и депутатым и статусым и Іэухукіэ» Законым и 4-нэ статьям и япэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм къыбгъдэкІыу республикэ хэхьапІэ округ зэгуэтым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутату щыхаса Василенко Александр Алексей и къуэмрэ Бакъ Руслан Барэсбий и къуэмрэ я полномочиехэр и пІалъэр къэмысу щхьэщахащ икІи зыхэта комитетхэм къыхагъэкІыжащ.

КъыкІэлъыкІуэу «2006 - 2011 гъэхэм ямыгъэІэпэхьуэ мылькум и кадастр системэ къызэрызэрагъэпэщыпр» республикэ программэ хэхар къэщтэным и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Къэрал мылькур зехьэнымрэ щІы Іуэхуэхэмкіэ министр **Лыджыдэ Хьэбдулэслам** къызэригъэлъэгъуамкІэ, программэм ипкъ иткІэ апхуэдэ Іуэхущіапіэхэр республикэм и щІыпІэ псоми къыщызэІуахынущ. А Іуэхум хуэха сом мелуаани 190-м щыщу мелуан 14,6-р нобэ ирихьэлІэу къагъэсэбэпащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Дыгъуасэ

Дыгъуасэ Налшык, «ЩІыхьым и мафІэ мыужьых» фэеплъым деж щаублащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхэр ди ТекІуэныгъэкІэ зэриухэр и илъэс 66-рэ зэрырикъум ирырагъэхьэІа «Георгиевскэ лентІ» Урысейпсо акцэм и республикэ Іыхьэр.

ЛІыхъужьыгъэм и нагыщэ

А ІУЭХУГЪУЭМ теуха зэхуэсыр къызэІуихащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІ **Сэхъурокъуэ Хьэутий:**

- Зи гугъу тщІы лентІхэр кьсгъуэшхыныр ди республикэм 2008 гъэльандэрэ щокІуэкІ. ЛентІым и кьежьэкІэ хъуам и тхыдэр хуахь пащтых бзылъхугъэ Екатеринэ II. ЛІыхъужьыгъэ зезыхьа зауэлІхэм ират хабзэ тыгъэхэм 1769 гъэм абы гъусэ яхуищІауэ щытащ Георгий Щихьым и цІэр зезыхьэ тхьэмбылыфэ-фІыцІафэ лентІыр. Ар СССР-м и тыгъэхэм къыхыхьащ «Гвардейская лента» жаІэу, лІыхъужьыгъэ зезыхьа сэлэтым ират �щІыхь орденым кьешэкІауэ.

Лэжьыгъэм, зауэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я ветеранхэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ **Зведре Владимир** и псальэм гуапэу къыхигъэщащ Урысей къэралыгъуэм и тхыдэм и кІэухкІэ иригъэкІуэкІа зыхьэмэжьыныгъэ зауэхэм хэта адыгэхэм ящыщ куэдми лІыхъужьыгъэ къызэрагъэлъэгъуар.

КъБР-м и военкомым и къуэдзэ **Лъхъ Мухьэмэд** жиІащ: «ФІыщІэ ин яхудощІ нэхъыжьхэм я пщІэр ямытэжьІуэду, зи гугъу тщІы лентІхэр ди республикэм ис цІыхухэм яхуэгъэшын кьалэныр нобэ зи пщэ дэзыльхьа ныбжьыщІэхэм».

КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Пащты Борисрэ** Афганистаным щызэуахэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Тхьэгъэлэдж Тимуррэ** республикэм и куей администрацэхэм къикІа лІыкІуэхэм лентІхэр хуагъэщащ. Аэр нэхъыбэу зэбгрыгъэкІыным щІыху мини 2-м щІигъу хуэзщІагъэуІащ. Курыт еджапІэхэм щеджэ щІыкІуэхэм удз гъэгъахэр «МафІэ мыужьых» фэеплъым тралъхьащ.

Тхыгъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *сёйщ.*

● КъБР-м и Правительствэм

Зэхъуэкіыныгъэхэр халъхьэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Гертер Иван дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 44-м щыхэплъащ.

ЗЭХЫХЬЭМ зэхъуэкІыныгъэхэр щыхалъхьащ 2007 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и социальнэ ІэнатІэхэм я псэуалъэхэр мафІэсым зэрыщахъумэным, 2015 гъэ пщІондэ КъБР-м демографие щытыкІэр щегъэфІэкІуэным теуха республикэ программэ хэхахэм я Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и закономрэ, «КъБР-м и щэсыпІэ фонд мыкоммерцэ организацэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ 2009 гъэм мазаем и 26-м республикэм и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэм, 2009 - 2013 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым электроэнергетикэмрэ электрокъарур къызэрыдагъахуэ щыкІэмрэ зэрызыщауэжьынум и республикэ программэ хэхам.

2011 гъэм и яп- ямащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхьуам теухуауэ финансэмкІэ министр **Бышэн Аэрэт** жиІахэр зэІущІэм унафэкІэ къыщащтащ. Апхуэдэу Бышэн Аэрэтрэ лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ министр **Тюбеев Альбертрэ** къыхалъхьэри, зэхъыхьэм щагъэбелджылащ республикэ бюджетым къыхэкІыу ахъщэкІэ зыдэІэпыкъунуэр.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэу **Абрэдж Іэдиб, Уянаев Казым, Ерчэн Темболэт,** Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий,** министрхэр, кьалэ, районы администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, кьэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Жылагъуэхэр ягъэкъабзэ

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и щыналъэ псоми жыджэру щокІуэкІ щыпІэхэр зэщІэгъэкъабзэным ехьэлІа мазитІ лэжьыгъэр. КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьа мы Іуэхум ипкъ иткІэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІынущ кьалэ, куей уэрамхэм, псы Іуфэхэм, хабзэм къемызэгъыу пхъэнкІий идзыпІэ ящІа щІыпІэхэм, административнэ унэхэм, кхъэхэм я Іэгуэлъагъэхэм. А зэманым кьурибудэу щІыпІэ куздым щхъуантІагъэхэр щыхасэнущ. Мы лэжьыгъэхэр къызэрырахьэлІэну техникэр къызыхуэтынщэу ягъэхьэзыраш, нэхъ лэжьыгъэ хьэльэхэр зэфІэзыгъэкІыну лэжьакІэ гупэхэр зэщІагъэІуІауэ, Абы Іуэхущіапіэхэри унагъуэхэри жыджэру хэтыну къыхураджащ.

Мэльжьыхьым и 1-м къыщыщІэздзауэ накъыгъэм и 31-м нэсыу ежьІакІэкІыну мы Іуэхур къызэрырахьэлІэм кІэлъыплъынущ КъБР-м ЩІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ дыкъэзыухъурейхь Дунейр хъумэныкІэ и министерствэр.

Абы къызэрызэпэщащ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщ-щІагъэлІхэр зыхэт комиссэ щхьэхуэ. ПІалъэ пыухыкІам тету абыхэм ди республикэм и куейхэр къызэхахуэкІынущ икІи щытыкІэр зыхуэдэмкІэ хъыбар ирагъэщІэнущ КъБР-м и Правительствэм.

Жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэІуэпэщ щхьэм, абыхэм щхъуантІагъэхэр щыхэсэным теухуа лэжьыгъэм нэхъапэ пэрыхьахэм ящыщу Аруан, Лэскэн, Прохладнэ, Бахъсэн районхэр. Гъатхэр нэхъ щыгуфэ Іуащхьэмахуэ районми абыхэм закъыкІэригъэхуркъым. Лэжьыгъэм иджыпсту щоужьрэмІ Іырныкуауэ кьалэм и жьбЛэ псоми: жыгхэр пах, псэупІэ унэхэм я Іуплъапіэхэр ягъэздахэ, щыымахуэм сэкъат зыгъуэта гъэгухэр зэтес ящІ, лъэмыжхэри зыхуей хуагъэзэнущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● ЩІэныгъэ

Іэщіагъэлі ныбжьыщіэхэм я Іуэху еплъыкіэр къагъэлъагъуэ

Накъыгъэм и 27 - 30-хэм Налшык къалэ щекІуэкІынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я 5-нэ форум. Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэнущ цІыхуи 150-м нэблагъэ.

КОНФЕРЕНЦ «ТІоЛ хъурей», семинар жыпхъэхэм иту форумым щытепсэлъыхьынущ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэмрэ абыхэм хэкІыпІэ яхуэхьну кьалъытэхэмрэ.

КъБР-м и ЩІэныгъэлІ, Іэкъуэу, хамэ къэралхэми щалъагъу.

Абы и пІэкІэ...

РИА НОВОСТИ хъыбарегъащІэ ІэнатІэм кьызэриІутымкІэ, Италием и премьер-министр Берлускони Сильвио дыгъуасэ къриІуащ езыр а къулыкъум текІмэ, и пІэм иувэнкІэ хъуну кьулыкъущІэм и щІэ-уэзЦэр.

- Сэ иджыри зэ хэхыныгъэхэм сыхэтыну кьызэлъэІухэмэ, я хьэтыр слъагъункІэ хъунщ. Ауэ сыкъикІуэтмэ, премьер-министру Тремонти Джулио хахыну къыщІэкІынщ, - жиІащ абы къэралым нэхъ къыщалъытэ «Ра» телеканалымкІэ къыщыпсалъэм.

Илъэс 63-рэ зи ныбжь, Италием экономикэмрэ финансхэмкІэ и министр Тремонти Джулио куэд хуэзэгъэкъым, премьер-министрым абы хуитыныгъэшхуэхэр ириту кьалъытэри. ИтІани, Италиер финанс-экономикэ кризисым къыхэшыныкъмкІэ Тремонти кьалэн нэхъыщхьэ зэригъэзэщІар Урымым и мызакъуэу, хамэ къэралхэми щалъагъу.

◆ Москва и бэракъымрэ гербымрэ я махуэр ягъэлъапІэ.
◆ Тыва Республикэм и Конституцэм и махуэщ

◆ КНР-м и щІыналъэм щекІуэкІыныгъэ терроризмым пэщІэтыныгъэмкІэ организацэм (ШОС) хэт къэрал псоми я гъунапкъэхъуэмэхэр.

◆ 1939 гъэм Налшык къыщызэІуахащ щыгъэжапІэ.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкІэ, нобэ пшэр техьэ-текІыу щытынущ, пІалъэ пІалъэкІэрэ уэшх кьешьынущ. Хуабэу махуэм градус 18, жэщым градус 15 щыІэнущ.

ПІлэнэпэ зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Захуагъэр мафІэми искъым, псыми ихькъым.

● Іэпщэрыбанэ

Дуней псом и чемпион ХьэкІырэ Атмир

ХьэкІырэ Атмир чемпионым и бгырыпхыр къыщратым.

Мэкуу дэт «Динамо» спорт уардэунэм гъатхэпэм и 26 - 27-хэм щызэхэтащ Іэпщэрыбанэ зэзауэхэмкІэ я дунейпсо чемпионат. Абы ирихьэлІащ Урысей Федерацэм, США-м, Афганистаным, Монголием, Эстониием, Ираным, Къазахъстаным, Узбекистаным, нэгуэщІ щІыпІэхэми щыщ спортсменхэр. Псори зэгъуэсу къэрал 19-м я ныпым щІэту япэ дунейпсо чемпионатым щыІащ спортсмен 250-м нэблагъэ. Я хьэлъагъ ельытауэ ахэр гупийуэ зэщІхэщыхауэ щытащ.

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту къэралым и щІыхьыр зыхъума, Владимир къалэм дэт Юридическэ институтым и адъюнктурэм щеджэ, взводым и командир, лейтенант нэхъыжь ХьэкІырэ Атмир Іэпщэрыбанэ зэзауэхэмкІэ дунейпсо чемпион хъуащ. Иджыблагъэ ар ди хьэщІащ икІи абы упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- Атмир, илъэс дапщэ хъуауэ мы спорт лІэужьыгъуэм зыхуэбгъасэра?

— 2003 гъэм щегъэжьауэ зызоГъасэ. Илъэсих ныбжьым ситу Иванов Дмитрий и деж щыщІэздзащ дзюдом зыхуэзгъэсэн. Спортым и мастерым и кандидат сыхъуауэ, Владимир кьалэм дэт еджапІэм сыщІэтІысхьащ. Абы дзюдо спорт лІэужьыгъуэм зыщыхуэбгъасэ хъун зэрыщымыІэм къыхэкІыу самбэм зестыжащ. Куэд мыщІэу фэбжь згъуэтри, абыи сыкъыхэмыкІыжу хъуакъым. Хуэм-хуэмурэ зыкъэзэужьыжа нэужь, ди еджапІэм и спорт пэщым Іэпщэрыбанэ зэзауэхэм зыщыхуэзыгъасэхэм сыдахьэхри, сэри абыхэм сахуэкащ. Апхуэдэурэ тренерым гу къысльытэри, къыздэлажьэ хъуащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Уасэхэм хэхъуэнкІэ хъунущ

АБХЬАЗ. *Республикэм гъэсыныпхьэр хурпмыкъуу, ягъэхъуапІэхэм автомашинэхэр щыз эгъэгъуэнуу ХьэмсеЙ электроннэ СМИ-хэм къата хъыбарым лъабжьэ зэримыІэр жиІащ Абхъазым экономикэмкІэ и министр Озган Кристинэ.*

- АР ПЭЖКЪЫМ, гъэсыныпхьэ гъэтІылъыгъэхэр щыІэщ, уасэхэм зэкІэ зэхъуэкІыныгъэ ягъуэтакъым. АрщхьэкІэ, Урысейм ГСМ-м щхьэщатыкІ экспорт пошлинэм зэрыхигъахъуэр гъэсныпхьэхэм я уасэм зэригъэхъуэжьынкІэ хъунущ, - къыхигъэщащ министрым.

УнафэщІыр яхъуэж

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Іуэхущіапіэ Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэрымыІэр щыІэм и зэнафэщІ Аху1ысрокъуэ Мурат Адыгейм и Къэрал Советым-Хасэм и депутату зэрыхахам къыхэкІыу а къулыкъум ягъэуваш Полевой Валерий. Ар 2007 гъэм къыщыщІэдзауэ Хьэпсырокъуэм и къуэдзэу Іэпхъащ.*

ЩІЭУЭгъэуа унафэщІыр республикэм и Іэтащхьэ ТхьэкІумащІэ Аслъэнджэрий Іущащ. Адыгейм и Унафэщым Хьупсырокъуэ Мурат фІыщІэ хуищащ, Полевой Валерий а лэжьыгъэфІым кьыпищэмэ, нэхъри иригъэфІакІуэмэ, зэригуапэр жиІащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Хэт Іэтащхьэр?

Иракым и «Ас-Сабах» газетым кьытехуа тхыгъэр и тегъэщІапІэу. РИА НОВОСТИ хъыбарегъащІэ ІэнатІэм дыгъуасэ къызэриІутамкІэ, «Аль-Каида» терорист зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Усамэ бен Ладен ящІа нэужь, абы хэтхэр бзылъхь хэхуащ, я унафэ зыщІынур хэтми къаухуэмыхьу.

Бен Ладен и пІэм террористхэм я Іэтащхьэ етІуанэ Айман аз-Завахири иувэну куудыр ящІэфэщат, арщхьэкІэ абы къыпэщІуаващ «Аль-Каидэ»-м щыпашэ куэд, щІалэгъуалэм унафэр яІэщІыльхьэн хуейуэ къагъэуву.

Іэмалыщіэ къагупсыс

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ ІэнатІэм къызэриІутымкІэ, «Фукусима-1» атом электростанцыр къызэрыуэрэ (гъатхэпэм и 11 льандэрэ), абы и яп- ямащ реакторыр Іэнатіэм уэнэм щыІухьащ «Токио электрик пауэр» энергокомпаниемрэ Іэщіагъэлі 12. Абыхэм реакторыр зыгъэущІыІу системэм и щытыкІэр къапщытэри, хьэуам и фильтрыщІэхэри трагъэуващ.

Вэсэмахуэ яп- реакторым и унэм и кьрашэлІащ жьыхуэ и Іэмэпсымэ 6, хьэуам хихьэ радиацэр, фильтрхэр кагъэсэбэлу, ягъэмэщІэн папщІэ икІи ар къайхъулІэну щогугъ.

Уасэ 3-щ

Іуэхущіапіэхэр зэрылэжьам хоплъэж

(КІэухыр. Пэщідэзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьэр, зэІуэщІэм щыхэплъащ «КъэбэрдейБалькъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и Кодексым зэхэуэкІыныгъэхэр зэхъэхьэным и Іуэхукі» законым и проектым. КьыдзэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ къэрал Іуэхущіапіэм и унафэщІ **Шагин Сергей** зэрыжиІамкІэ, а зэхъуэкІыныгъэхэр хуэунэтІащ щІым елэжьу мафІэсым хуэмысакъэр е къэхІыгъэ игъэкІахэм щхьэзыфІэфІу дыгъэ еыдзэхэр хабзэм тету административнэ жуэапым ешэлІэным, щІыпІэ унафэхэр зезыгъэкІуэ ІэнатІэхэм яхь жуэаплыныгъэм хэгъэхъуэным.

- Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэхэм, апхуэдэу КъэбэрдейБалькъэрым и гъавэ щапІэхэм нэгъабэ къыщыхъуа мафІэхэм я нэхъыбэрэ гъавэгъэкІхэм я емыгугъуныгъэмрэ къэкІыгъэ гъуэхэр кІэлъыплъыныпэу зэрагъэсамрэ я зэранщ. Мы зэхъуэкІыныгъэхэм щытыкІэр ирагъэфІэкІуэну дыщогугъ, - кьыхигъэщащ абы.

Законыр къеджэгъуитІкІэ кьащтащ.

Зэхъхьэм щедэІуащ Къэбэрдей-Балькъэрым щІыхэм я хунтыныгъэхэмкІэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис** нэгъабэ зэфІагъэкІахэм теухуауэ жиІам.

- Социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкІэ иужьрей илъэсхэм республикэм лэжьыгъэ хьарзынэхэр щекІуэкІми, щІыхуэхэм псэукІэр къатезыгъэхьэлъэ гугъуехь куэд , иджыри гъащІэм хэлъщ. Нэхъыбэр, псом япэу, зи ныбжь хэкІуэтахэр, пенсэм щысхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, унафэщІхэм зыгъэпсІейтейр зыхэпсэуКІын зэрамыІэрщ. Пенсэхэм зэрыхагъахъуэр инфляцэм лъэщІыхьэркъым, бюджет ІэнатІэм Іутхэм я улахуэр мащІэщ. Иужьрей илъэсипщІым кьриубыдэу гок уасэм хуэдэ 5-кІэ, псым - хуэдэ 9-кІэ, газым - хуэдэ 8,6-кІэ, псы пщтырым щІатым хуэдэ 8,8-кІэ хэхъуащ, - жиІащ Зумакуловым. - Нэгъабэ щІыхь мыщІигъум зыкъытхуагъэзащ. Ар 2009 гъэм елъытагъэ процент 13-кІэ нэхъыбэщ. Абыхэм ящыщ куэдыр къэрал властым, щІыпІэ самоуправленэм я органхэм, унафэщІхэм, къэрал ныкъуэкІэхэм я Іуэхущіапіэмкіэ арэзыкъым. Кьыгтхуэ Іуэхуахэм я процент 80-м нэблагъэм хабзэхъуэмэ ІэнатІэхэм гугъкъанэ хуаІэщ.

Къэпсэлъам кьиэзгрэгъэлъэгъуамкІэ, республикэм общежиту 63-рэ щыІэщ. Абыхэм унагъуэ 3800-рэ щопсу. А унэхэм я пІалъэр икІащи, ущІэсыну щынагъуэщ. Общежитхэм кьыщІэнахэр ягъэІэпэхьуэн щхьэкІэ, фэтэр мини 4 мынэхъ мащІэ яухуэн хуейщ. Ауэ зэкІэ а Іуэхур и пІэм ихьыркъым. Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал псэупІэкІэ кьиэзрагъэпэщын папщІэ, федеральнэ бюджетым кьиуІыпщ мылькум щыщу ди республикэм щыхухахыр абы и процент 15-м нэсырщ.

Зумакуловым Борис щхьэхуэу кьытеувыІащ коммуналнэ, медицинэ, нэгъуэщІ ІуэхутхъбзэхэмкІэ щІыхуэгъэ тэмэму кьиэзрагъэпэщын, лэжьыгъэ, щІы зэхущытыкІэхэр зэкІэлъатегъэкІуэн, хабзэхъуэмэ ІэнатІэхэм хейр зыгъэгъэхьэн папщІэ зэфІагъэкІхэм, я Іуэхущіафэр зыхуэдэр хэІуэщІы Іу зэращІ Іэмалхэм, нэгъуэщІхэм. Абы кьиэзщІригъэубыдащ гъэтІылъыпІэ зимыІэ Іуэхугъуэхэм ящыщу нэгъабэ ирамыхьщхьэу я нэІэ зытрагъэтахэр.

Тепсэлъыхьа нэужь, арэзы техІуэри, депутатхэм отчетыр унафэкІэ кьащтащ.

Законодательствэмрэ къэрал хуэунэкІэмкІэ комитетым кьыхихьхьэри, зэІуэІэм кьыщащтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и ХэхакІуэ комиссэм хэтынухэм я зэхуэдитІыр республикэм и Парламентым убзыхун зэрыщІидзэм теухуа унафэ. Абы инкъ иткІэ, политикэ партхэм, нэгъуэщІ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, муниципальнэ щІынадзэхэм я лІыкІуэ органхэм, КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм, УФ-м и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм Імал яІэщ республикэм и ХэхакІуэ комиссэм щІэрыщІэу хагъэхьэнухэм я кандидатурэхэм теухуа Іуэхугъуэхэр, накъыгъэм и 7-м кьыщыщІэдзауэ мэкъуаугъэхэм и 6 пщІондэ кьыхалъхьэну.

Апхуэдэу Къэбэрдей-Балькъэрым кьалэхуэу лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІым, транспорт налогым, Парламентым и депутатхэр зэрыхахым, КъБР-м технопаркэм я Іуэхуэхэмкіэ и законхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Зэхьыхьэм щІэныгъэ щытехъуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентымрэ Алтай Республикэм и Къэрад Зэхуэсым - Эл Курултаймрэ зэрызэдэлэжьэнум я гтеуухуа зэгурыІуэныгъэм. Апхуэдэу КъБР-м и КъэзыщІэгъэкъэзыбж щалатэм нэгъабэ зэфІигъэкІахэм я гтеуухуауэ а Іуэхущіапіэм и унафэщІым и къуэдзэ **Афэщагъуэ Михаил** ищІа отчетыр кьащтащ.

НэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми щыхэплъа зэІуэІэм хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэхэу **Бозий Натбийр Саенкэ Татьянэрэ,** Правительствэм, Конституцэ Судым, Жылагъуэ палатэм щыщхэр.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

ДАХ-м и тхьэмадэ Ажахъуэ Къанщобий и псалъэ.

Шапсыгъхэр мэхасэ

Сочэ щыІэзэгъащ т енджыз ФІыцІэ Іуфэм щыпсэу шапсыгъ адыгэхэм я VII зэхуэс. Абы и джыдыгъэм хэтащ Сочэ, Тыуапсэ районхэм адыгэхэр зэуду щыпсэу кьуажэ 24-м я лІыкІуэу 177-рэ. ЗэІуэщІм кьрихьэлІат Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ я Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэри. Кьапщтэмэ, Адыгейм кьикІат Хасэм нэмыщІ нэгъуэщІ Іуэхущіапіэхэми я лІыкІуэхэр: щэнхабзэмкІэ министр Жэмыкъэ Рьазий, лъэпкъэм, хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм я Іуэхуэхэмкіэ комитетым и унафэщІ Щхьэлахъуэ Аскэр, ДАХ-м и вице-президент КІэрмыт Мухьдин, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт Бэгъуащэ Іэдэм, Адыгейкэ къаІэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Абыдэ Хьисэ, нэгъуэщІ жылагъуэ лэжьакІуэхэр, журналистхэр. Съездым хъуэхъу тхыгъэхэр кьыхуагъэхьащ Краснодар щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэ Ткачев Александр, Адыгэ Республикэм и Унафэщі Тхьэкіэгушынэ Асльэнджэрий, Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Кьанокьуэ Арсен, Сочэ и Іэтащхьэ Пахомов Анатолий сымэ.

ЗэІуэщІэшхэм кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм ящыщщ тендзыз ФІыцІэ Іуфэм щыпсэу адыгэхэм зауэкьыным, я кьуажэхэм епхауэ социально-экономикэ лэжьыгъэу зэфІэхьи хуейм, адыгэбзэр, щэнхабзэр хьума зэрыхьунум теухуахэр. ЗэІуэщІм кьрихьэлІахэр зэгухьэжащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм нужьрей илъэсэ 4-м кьрнубыдэу иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм, я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и уставыщІэ кьащтащ, Сочэ 2014 гъэм Олимпиадэ зэрыщекІуэкІынум зэреплъри кьаІуэтащ.

Зэхуэсым кьыщыпсэлъа куэдым кьатъэуващ Шапсыгъ лъэпкъ районыр зэфІэгъэувэжын хуейуэ. Арщхьэкіэ, а зэрэмыр сьезым зэІуэм хэтахэм дапы-гъакъым икІи зэІуэщІм кьыщащта унафэм я Іуэхум тёхуауэ зыри кьыхэщащкъым.

ЗэІуэщІм Адыгэ Хасэм и унафэщІхэр щІэрыщІэу щыхахащ. Ахэр щІыбэ 55-рэ мэжьу. Тендзыз ФІыцІэ Іуфэм щыпсэу шапсыгъэм я Нэхъыжьхэм я Советым и тхьэмадэу хахащ Гъуафэ Руслан, Хасэм и унафэщІу хахьжащ КІэкІыхьу Мэжид.

Зэхуэсым хэтхэм папщІэ «Шапсыгъ лъэпкъ ансамблым, уэрэджэкІакІуэ Іъашэ Альберт, пшынауэ Іъуафэ Хьалиц сымэ концерт игъэлъэгъуащ.

НЫБЭ Анзор.

Дуней псом и чемпион ХьэкІырэ Атмир

(КІэухыр. Пэщідэзэр 1-нэ нап.).

- Уэ нэмышІ къэралым и команда къыхэхам иджыри адыгэ щІалэ хэта?

- Галицын икІауэ ди гъусэу дунейпсо чемпионатым щыІащ зы адыгэ щІалэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар апэ зэІущІэхэм къыщыхагъэщІащ.

- Атмир, ебгъакІуэкІа зэІуэІэхэм ящыщу дэтхэнэр уигу нэхъ къинэжа?

- Сэ псори зэІущІищ езгъэкІуэкІащ. Абыхэм ящыщу нэхъ сигу кьинэжар Къэзахъстаным щыщ, 2010 гъэм Дунейпсо Кубокыр къэдыхьа Яманбетовым дезгъэкІуэкІа кІэух зэпеуэрщ. ЗэІущІэр екІуэкІыуэ си хьэрхуэрэгъур сІуантІэри, узыр хуэмышэчу, зэрызитымкІэ судым хъыбар иригъэщІащ. ДыкъызэфІэувэжа нэужь, ар щІегъуэжри, зимытауэ жиІащ. ЯрщхьэкІэ псори зи нэгу щІэкІа, ринным ита судыр текІуэныгъэр сэ къыдэрыгъэхьэм щыхьэт техъуэри, апэ увыпІэр къызатащ.

- Къэбэрдей-Балькъэрым къэбгъэзэжьын мурад уиІэкъэ?

- Алыхьым ижІэмэ, адъюнктурэр къэзухрэ, кандидат лэжьыгъэр зэфІэзгъэкІмэ, къэзгъэзэжьынущ. Дауэ щытми, дэнэ екъуІэныгъэ ущиІэми, ущалъхуа уи лъахэр, лъэпкъыр бгъэзгъащэ хъунукъым, абы нэхърэ нэхъапэ щІыхум и дежкІэ щыІэкъым.

- Зэман гъунэгъуэм сыт хуэдэ зэІуэІэхэм ухэтыну зыхуэфащэрэ?

- Гъэмахуэм мы спорт лІэужьыгъуэмкІэ зэхъэзэхуэр зэпагъэуэнущ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм фокІадэм щекІуэкІыну Дунейпсо Кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм сыхэтыну си мурадщ. Зыгъэпсэхугъуэр мазэхэм абы зыхуэзгъэхьэзыщынущ.

Зи гугъу тщІы дунейпсо чемпионатым гуп зэхьэзэхуэм ди къэралым и командэ къыхэхам япэ увыпІэр къыщихьащ. Зэпеуэм щыІа ди хэкуэгъуэ 8-м ящыщу 5-р зыхэта хьэлъагъхэм пашэ зыхуэхьащ. Абыхэм къакІэлъыкІуэр кьэнэжа дыщэ медалищыр къэзыха Къэзахъстаным и лІыкІуэхэрщ.

* * *

УРЫСЕЙ, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекІуа ди лъэпкъэгъуэ ХьэкІырэ Атмир Іэпщэрыбанэ зэзауэхэмкІэ апэ дунейпсо чемпионатым техникэ нэхъыфІ къыщыхьыгъэлъэгъуа спортсмену къалытащ икІи саугъэт щхьэхуэ къыхуагъэфащащ.

ХьэкІырэм къыщынэмыщІа, чемпионатым дыщэ медаль къыщихьащ абы и лэжьагъу, взводым и командир, лейтенант Кирюшин Дмитрий.

ЩІалэхэр ягъасэ юридическэ институтым физическэ гъэсэныгъэмкІэ и егъэджакІуэ нэхъыжьхэу, подполковникхэу Овчинников Сергейрэ Носков Владимиррэ.

Владимир къалэм и Іэтащхьэм и жэрдэмкІэ дунейпсо чемпионхэм я сурэтыр къалэ дыхьэпІэм деж къыщыфІадзэнущ.

Ди гуапэщ ди лъэпкъэгъум къыпэщылъ зэхьэзэхуэхэми и щхьэр лъагэу Іэтауэ утыкум къыщикІыжыну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ФщІэн папщІэ

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмкіэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэм хъыбар фегъащІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхуэхэр я щхьэ ІуэхукІэ Урысей Федерацэм и Президентым и приемнэм зэрыщІрагъэблагъэмкІэ.

Щылажьэ махуэхэмрэ сыхьэтхэмрэ: блыщхьэмрэ гъубжымрэ сыхьэти 9-м кьыщыщІэдзауэ сыхьэт 18-м нэсыху, сыхьэт 13-мрэ 14-мрэ я зэхуакум загъэпсэху.

ЦІыхухэр ирагъэблэгъэнухэм япэ щІыкІэ хатхэ 47-32-92 телефонымкІэ, Урысей Федерацэм и Президентым тхыгъэкІэ зэрызыхуагъаэзр пощткІэ хуагъэхь хъунущ мы хэщІапІэмкІэ: 360008, Налшык къалэ, Лениным и проспект, 27. Правительствэм и Унэ.

Апхуэдэу фэ фи пощт адресыр, телефон номерыр, электрон пощтым и адресыр кьэвгъэлъагъуэу электрон тхыгъэхэр кьевгъэхь хъунущ мыбы: gfi kbr@mail. ru. Зи хэщІапІэр кьэзыгъэлъагъуэхэм я лъэІуэхэм хэплъэнущ Урысей Федерацэм и цІыхуэхэм зыкъызэрыхуагъаэзэхэм зэрыхэплъэм и Іуэхуэкіэ Федеральнэ закон №59-м ипкъ иткІэ ягъэува хабзэм тету.

● Зэпеуэ

Хэжь Хьэсэнбий и текІуэныгъэ

Инженер-ухуакІуэ Іэщіагъэр зэзыгъэгъэтахэм я дипломхэр лэжьыгъэхмкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэм и иужьрей Іыхьэр Новгород Ищхьэрэ дэт къэрал архитектурэ-ухуэныгъэ щекІыгъэкІащ.

А ЗЭПЕУЭМ хэтащ щІыналъэ Іыхьэхэм щытекІуахэу Новгород Ищхьэрэ дэт архитектурэ-ухуэныгъэ, Москва ухуакІуэ, Къэзан архитектурэ-ухуакІуэ, Архангельск архитектурэ-ухуакІуэ, Санкт-Петербург, Пензэ дэт, Урал, Ищхьэрэ-Къуэкіыпіэ, Алтай техникэ, Вологодскэ техникэ, Хакасие техникэ, Ипщэ-Кьухьэпіэ, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетэр.

КъБКъУ-м зэпеуэм игъэхьар промышленнэ Іуэхущіапіэхэр, псэупІэ унэхэр ухуэным щыхурагъаджэ кьудамэр кьэзыуха, УФ-м и Президентми КъБР-м и Президентми и цІэкІэ щыІэ стипендиехэр кьэзыхьу щыта Хэжь Хьэсэнбий и Іэдакъэщіэкъащ. Абы и лэжьыгъэр теухуауэ щытащ КъБКъУ-м и егъэджакІуэм, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм, аспирантхэм папщІэ пэш 96-уэ зэхэт общежитт ухуэным. Хьэсэнбий и лэжьыгъэм лъабжьэ хуищІар инженеру щылэжьа «Агропроект» ООО-м и ёзырь я гъусэу щыІэзэхальхьа проектыщІ. Хэжьым кьигъэсэбэпащ AutoCAD 2007, ArchCAD-11, Lira 9.4 компьютер проектхэр. Диплом лэжьыгъэм щІалэм кьыщигъэсэбэпащ КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетым щыщІэсам иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэм кьрикІуахэр. Ахэр щыІэпкьрыха щІэныгъэ лэжьыгъэу тху кьытрыригъэдзащ икІи гъащІэм хэпща хьунымкІэ хуитт къэзыщІ патентищ къратащ абы.

Диплом лэжьыгъэхэмкІэ урысейпсо зэпеуэм щалэгъуэалэм я зэфІэкІыр кьыщащтащ цІыху 12 хьу гупым. Абыхэм куэд зэпалъытащ: утыку кьрахьа лэжьыгъэр иджырей зэманым зэрыдекІур, абы и зэхэлъыкІэр, щІэныгъэ я лъэныкъуэкІэ хэль щІэр, ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм я мыхьэнэр, ЭВМ-р кьызэрагъэсэбэпар, нэгъуэщІхэр.

КъэпщытакІуэ гупым хэтхэм зэдзэрэзыуэ текІуэныгъэр хуагъэфэщащ Хэжь Хьэсэнбий. Кьыхэгъэщыпхъэщ апхуэдэ зэпеуэм классикэ университетэм ящыщу КъБКъУ-р япэу зэрыщытекІуар.

Хьэсэнбий иджыпсту Санкт-Петербург къэрал архитектурэ-ухуэныгъэ университетым и аспирантщ. Урысей Фе дерацэм зи цІэр фыкІэ щызыгъэІуа ди хэкуэгъу щІалэм дяпэкІи ехьуІэныгъэ куэд иІэну ди гуапэщ.

БЕЛЫХ Наталье.

Хэжь Хьэсэнбий

Гулъытэ хуащІ

Урысей Федерацэм и ФСБ-м и кьудамэу Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэм и жэрдэмкІэ КъБКъУ-м и «Амин» гупыр зыхэт псапащІэ концерт иджыблагъэ кьыщыІэзэрагъэщІат Бабугент къуажэм дэт школ-интернат № 10-м.

ИНТЕРНАТЫМ щопсу иІъэси 6-14 ныбжьхэм итхэр. Я нэхъыбапІэкІэ ахэр унагъуэ хуэмышІахэм кьыхэкІащ. Мы зэманым интернатым мыхьыбжькІэ зыкъыщІэзыгъакъуэ гуэри хэбыдыдыкІэ ныкъым икІи ар хуэныкъуэщ сабийхэр зыхуеину хъуэпсыпІ нэхъ Іэмалышэ дыдэхэми. Абы кьыхэкІыу щІыпІэм щынагъуэнщагъэр кьыщыІэзэзыгъэпэщ органхэм я нэІэм щІагъэуващ школ-интернатыр. УФ-м и ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм, сабийхэр зыхуеин-зыхуэныкъуэкІэ кьыІэзгъэпэщыным и мызакъуэу, гулытэ хуещІ щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм яІэу кьэтэджьынми.

«Амин» гупым сабийхэм тыгъэ хуащІащ я уэрэдхэр, концертхэр зытет дискхэр. Гупым я унафэщІ Кьул Амир езыр Шэрдж районым щыщщ, абы кьыхэкІыу интернатым и гъэсэныгъэм я пащхьэ зыкъызэрыщагъэлъэгъуам езым и дежкІи мыхьэнэшхуэ зэрнІэр кьыхигъэщащ.

Сабийхэм зэхьэзэхуэр уэрэдэу ирагъэблэгъащ, абыхэм зыкъызэрагъэлъэгъуам яфІэгъэщІэгъуэну еплъащ. Пшыхьэр щы зэхуащІыжым, КъБКъУм и студентхэм я ныбжьэгъущІэхэр къаІэгъугъащ мыгувэу я деж кьытрагъэзэну.

УФ-м и ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

«Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Путин В. В. и щІыналъэ жылагъуэ Іуэхущіапіэу Налшык къалэм дэтым (Лениным и уэрам, 48. Телефоныр: 77-00-40) 2011 гъэм и накъыгъэм щІыхухэм щаІущІэнухэр

№ №	УнэцІэр, цІэр, адэцІэр	И лэжьапІэр, иІыгъ къулыкъур	ЦІыхухэм щаІущІэну махуэр	ЦІыхухэм щаІущІэну зэманыр
1	Маккаев Махъты Хьэсэн и къуэр Муравьев Игорь Вячеслав и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ Налшык къалэ Советым и депутатщ	2011 гъэм накъыгъэм и 10-м	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху
2	Ахущыкъуэ ФатІимэт Къэралбий и пхъур Хьэщхьэужь Татьянэ Борис и пхъур	КъБР-м и Парламентым и депутатщ КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм накъыгъэм и 11-м	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху
3	ЛІыхъужу Хьэжмурид Хьэсэнбий и къуэр Чэрим Виктор Петр и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ Налшык къалэ Советым и депутатщ	2011 гъэм накъыгъэм и 16-м	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху
4	Гелястанов Ахъмэт Жунус и къуэр Иуан Аслъэн Аскэрбий и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм накъыгъэм и 17-м	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху
5	Мэремыкьуэ Арсен Іэмин и къуэр Къужьокьуэ Артур Жэмал и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ Налшык къалэ Советым и депутатщ	2011 гъэм накъыгъэм и 18-м	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху
6	Дзш Хьэсэн Іэулэд и къуэр Гюссер Атиллэ Фахьми и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ Налшык къалэ Советым и депутатщ	2011 гъэм накъыгъэм и 23-м	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху
7	Хъущт Аслъэнбэч Виталий и къуэр Джатэ Тимур Хьэлиф и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ Налшык къалэ Советым и депутатщ	2011 гъэм накъыгъэм и 24-м	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху
8	Сыжажэ Валерий Хьусен и къуэр Уэлджыр Амур Мушэхьид и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ Налшык къалэ Советым и депутатщ	2011 гъэм накъыгъэм и 25-м	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху
9	Несутулов Виктор Георгий и къуэр Нэрэн Владимир БетІал и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ Налшык къалэ Советым и депутатщ	2011 гъэм накъыгъэм и 30-м	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху
10	Урысбий Хьэмидбий Хьэжмурид и къуэр Атаманенкэ Юрий Николай и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыналъэ политикэ советым хэт	2011 гъэм накъыгъэм и 31-м	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху

● Шэрэдж куей

КъэкІыгъэ пасэхэр хасэ

ШЭРЭДЖ районым гъатхэгубгъуэ лэжьыгъэхэр техникэ 22-кІэ щрагъэжьауэкІ. Зыхуей жылапхъэхэмрэ гъэсыныпхъэхэмрэ ирикъуу яІэщ.

Мы гъэм нартыху гъавапхъэм гектар 2.200-рэ, сэхураным гектар 400 хухахыныщ, Гектар 2.000-м нэблагъэм кІэртІофвир, къэбыстэр, хадхэмкІ къэкІыгъэ пасэхэр щыхасэ.

Куейм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ и Іуэхущіапіэм и унафэщІ Ульбашев Хьэсэн зэрыжиІамкІэ, мы гъэм япэу гектари 100-м нэтэн тращІэнущ. А къэкІыгъэщІэм гъавэмрэ сэхуранымрэ кьапыкІхьерым нэхъ нэхъыбэ кьыпахьну я мурадщ.

Гъатхэсэм кьыхокъанькІ «Сукан-Су» СХПК-мра «Аттоевым и цІэкІэ щыІэ Іэщ лъэпкъыфІ завод» ОАО-мрэ.

Бжьыхьэсэ кьэкІыгъэхэр гъэпщэрыныр и кІэм нагъэблагъэ. Зэрыщыту гъатхэ-губгъуэ лэжьыгъэхэр накъыгъэм и 15-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

● Тэрч куей

ПщІантІэр ягъэдахэ

щымащІэ «Тэрч къалэм и пэщІэдзэ школ-сабий гъэсапІэ № 5» МОУ-м. ЕджапІэмрэ Тэрч мэз хозяйствэмрэ я мыпхъу зэхэлъкІэ пщІантІэ паркым жыгыщІэу 50-м нэблагъэ щагъэтІысащ.

КІУАНТІЭ Замир.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Правительствэм и Унафэм ипкъ иткІэ, Мэзым и дунейпсо ипхъэсым кьрпуубыдэу зэфІагъэкІынухэм хьихьэу, уэздыгъей, псей, тхьэмпІэ Іув зыщІ нэгъуэщІ жыг лІэужьыгъуэхэм я гъэІэпхъэнхэр хэсэным теухуа лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІ. Абы хэтщ Пэнагуэ Радик зи Іэтащхьэ «Тэрч мэз хозяйство» къэрал Іуэхущіапіэр. Апхуэдэу ар екъэлІащ жылагъуэхэр зэІуэпэщ щІыным, щхьэантІагъэхэр гъэтІысыным теухуа мазитІ лэжьыгъэм.

ГъэІэпхъэнхэр хэсэн щыщІадзащ щхьэантІагъэхэр щыщІэщІыпІ, ерыскьыпхъэхэмкІэ и Іуэхущіапіэм и унафэщІ Ульбашев Хьэсэн зэрыжиІамкІэ, мы гъэм япэу гектари 100-м нэтэн тращІэнущ. А къэкІыгъэщІэм гъавэмрэ сэхуранымрэ кьапыкІхьерым нэхъыбэ кьыпахьну я мурадщ.

Гъатхэсэм кьыхокъанькІ «СуканСу» СХПК-мра «Аттоевым и цІэкІэ щыІэ Іэщ лъэпкъыфІ завод» ОАО-мрэ.

Бжьыхьэсэ кьэкІыгъэхэр гъэпщэрыныр и кІэм нагъэблагъэ. Зэрыщыту гъатхэ-губгъуэ лэжьыгъэхэр накъыгъэм и 15-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

● Прохладнэ къалэ

Зэрагъэпэщыж, зыхуей хуагъазэ

ЛЭЖЬЫГЪЭМ и фІагъыкІэмрэ щапІагъэмрэ щагъэр, кьыщэрыщэрагъэпэщ щІыкІэмрэ ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен ящищІа пщэрылъым тету, республикэм и куейхэм участковэхэм я пунктыщІэхэр кьыщыщэІуах, щыІэхэр нобрэй зэманым кьеІэзэгъыу ирагъэфІакІуэ.

ЩІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Пархоменкэ Юлиерэ кьалэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и къудамэм и унафэщІ Макеев Эдуардрэ накъыгъэм и 4-м я участкэ пунктипщІым я щытыкІэм, еплъащ. Къалэр Іуэхущіапіэхэмрэ щІыпІэ депутатхэмрэ я щІэгъэкъуэну, абыхэм я нэхъыбэм ток кІапсэхэр, уэздыгъэхэр, щхьэгъубжэхэр, курыхыбжэхэр щахъуэжащ, сантехникэ Іэмэпсымэхэр щызэрагъэпэщыжащ. Дэтхэнэ пунктми щызэфІагъэкІын хуей лэжьыгъэхэр ягъэбелджылащ, абыхэм щагъэувыну Іэмэпсымэхэм, хагъэувэну гъущІыбжэхэм, домофонхэм, нэгъуэщІхэми ятекІуэдэнур зыхуэдизыр кьабж.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.